



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 2/11/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GWO EKSPANSYON ATHENEX – AP KREYE 1,400 DJÒB NAN LWÈS NEW YORK

Athenex (ansyen Kinex) ap investè \$1.62 milya nan dekouvèt medikaman ak patenarya manifakti avanse, kreye 900 djòb nan Dunkirk ak 500 djòb nan Buffalo sou dis pwochen ane yo

Eta ap investè \$225 milyon pou sipòte Inovasyon Medikal Buffalo ak Sant Komèsyalizasyon epi ede kreye nouvo opòtinite pou rejyon an

Wap jwenn disponib kontrandi nouvo etablisman 300,000 pye kare a [la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon gwo ekspansyon de Athenex ki pral kreye 1,400 djòb toupatou nan Lwès New York. Anons sa, te posib gras a yon patenarya avèk SUNY Polytechnic Institute, enkli yon gwo ekspansyon nan katye jeneral Athenex North American nan bilding Conventus nan Buffalo, ansanm avèk kreyasyon yon etablisman manifakti modèn 300,000 pye kare nan Dunkirk. Pwojè konbine yo prevwa pou bay yon investisman \$1.62 milya sou dizan nan Athenex, ansanm avèk \$225 milyon ki soti nan Eta New York.

“Transfòmasyon ekonomik Lwès New York te kaptire atansyon konpayi ak investisè yo nan mond lan,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Anviwonman devlopman biznis nan ak ozalantou Buffalo te fè li klè ke konpayi modèn yo ke isit la se bon kote pou plante rasin epi pwospere. Kesewa li baze sou devlopman famasi, rechèch medikal, teknoloji pwòp oswa manifakti avanse, rejyon sa defini pa opòtinite enkwayab ak posibilite pou kwasans. Mwen fyè pou m konplimante Athenex – ki te kapab ale yon lòt kote–nan kòmansman nouvo chapit enteresan sa, kreye travay ki peye byen ak plis ranfòse ekonomi rejyon an ak eta.”

Athenex te fonde nan Inivèsite Buffalo ak elaji nan 2003 avèk yon angajman repatisyon finansman dizan ak plis pase yon santèn biznis lokal ak lidè medikal yo nan upstate New York.

Dr. Johnson Lau, PDG ak Prezidan Athenex te deklare: "Nou te enpresyoen enkwayableman pa lidèchip Gouvènè Cuomo pou atire nouvo djòb enpòtan nan Eta New York. Angajman l nan devlopman ekonomik te penetre avèk siksè yon kilti enpresyon 'Ouvè pou Biznis' ke nou pat wè okenn lòt kote. Nou vle egalman remèsye Dr. Alain Kaloyeros nan SUNY Polytechnic Institute. Lidèchip kolektiv sa nan New York

ap akselere transfòmasyon ekonomi Eta an yon lidè mondyal pwochen jenerasyon manifakti nan anpil endistri. Avèk patenarya sa, plizyè milyon pasyan ki gen kansè nan mond lan ap benefisye de medikaman onkoloji ki fèt nan New York."

Dr. Alain E. Kaloyeros, prezidan fondatè ak PDG SUNY Polytechnic Institute, te deklare: "Kou doub sa pou Buffalo ak Lwès New York pa yon konpayi etabli ak respekte ki devlope isit la tankou Athenex se yon lòt siy klè ke strateji devlopman ekonomik Gouvènè a ki kondwi sou inovasyon ap alimante kreyasyon travay ak revitalizasyon nan Upstate New York. Pou yon konpayi ki deja fonksyone nan mond lan pou pran desizyon biznis pou devlope nan New York sa pale volim osijè sa Gouvènè Cuomo te bati. Mendèv, atitid, ak elan nan Buffalo ak nan Upstate te mete New York nan konpetisyon –epi ganye – sou yon echèl mondyal."

Prezidan, PDG ak Komisyonè Empire State Devlopman Howard Zemsky te deklare: "Ekspansyon enpòtan Athenex, grasa yon investisman eta ak prive konbine, non sèlman ranfòse klima biznis dinamik ki te kenbe nan Buffalo ak Lwès New York, men li valide vizyon Gouvènè Cuomo pou kreyasyon ak devlopman yon ekonomi lokal kap atire enterè biznis eksteryè e, nan ka Athenex, kenbe yon konpayi ki devlope lokal nan kominote a kap ranfòse devlopman inisyal li. Sa a se yon egzanp pafè sou detèminasyon Gouvènè a pou sipòte devlopman biznis nan rejyon nou an grasa yon patenarya piblik/prive ki pral bay travay dènnye kri ki peye byen epi dirab."

Athenex ap investi yon minimòm \$1.62 milya nan Lwès New York sou diz pwochen ane yo nan travay, materyèl ak founiti. 1,400 travay dirèk ak endirèk (500 djòb nan Buffalo ak 900 nan Dunkirk) ap kreye nan domèn tankou: manifakti wo-teknoloji, fòmilasyon pwodui, règleman, famako-vijilans, anplwaye nan katye jeneral ak founisè ak kontraktè sèvis konpayi an. Eta New York, grasa SUNY Polytechnic Institute, ap investi yon total \$225 milyon nan lokal Buffalo ak Dunkirk. Espesyalman:

- **Dunkirk:** Eta ap investi \$200 milyon pou kreye Etablisman Manifakti Onkoloji High Famasi, ke Athenex ap itilize pou fabrikasyon medikaman ki gen potansyalite onkoloji elve nan yon anviwonman spesyalize, kontwole pou anbakasyon nan mond lan. Medikaman sa yo se pami medikaman onkoloji ki pi enpòtan mondyalman pou pasyan yo ki soufri kansè. Izin nan ki speyalize tou nan pwodui famasetik manifakti onkoloji, sa ki souvan montre sou lis medikaman ki manke yo. Yon izini spesyalize tankou sa pat bati nan Amerik di Nò depi 15 ane. Etablisman ap lokalize andeyò Lake Shore Drive East (Rte. 5), jis nòdès nan limit vil Dunkirk. Athenex ap investi yon minimòm \$1.52 milya nan Etablisman Manifakti Onkoloji Wo Famasi e lap kreye 900 djòb nan zòn Dunkirk lan. Eta ap posede etablisman ak zouti ke yo te achte pou li. Ou ka wè kontrandi etablisman an [la](#).
- **Buffalo:** Eta ap investi \$25 milyon pou elaji ak amelyore sizyèm etaj nan Bilding Conventus sou Kanpis Medikal Buffalo Niagara. Athenex ap okipe 51,000 pye kare sou yon kontra lwaye alontèm pou katye jeneral li nan North American, yon sant fòmilasyon devlopman pwodui ak yon izin pilòt, kote pwodui onkoloji te rafine avèk pèfeksyon anvan teknoloji a transfere pou pwodui a gran echèl nan Dunkirk. Athenex ap investi yon minimòm \$100 milyon e li prevwa pou l kreye

yon total 500 djòb nan Buffalo. Eta ap lwe espas 6yèm etaj li e lap sou-lwe l pou dizan avèk yon opsyon pou Athenex ajoute dizan anplis. Konstriksyon nan espas biwo a te kòmanse nan mwa Out 2015; laboratwa travay la ap kòmanse beynto e li prevwa pou l fini nan otòn sa.

Patenarya avèk Eta New York garanti prezans ak kwasans Athenex nan eta epi bay nouvo travay enpòtan ki peye byen nan plizyè lokal nan Lwès New York. Patenarya sa ap akselere tou objektif pou konvèti investisman ki te fèt nan rechèch medikal nan travay manifakti dirab alontèm nan pwodui famasetik wo teknoloji.

Jodia, Athenex mondyal avèk plizyè biwo ak etablisman manifakti ki lokalize nan: Buffalo ak Clarence, NY; Cranford, NJ; Taipei, Taiwan; Hong Kong; ak Chongqing, China. Gwo investisè Athenex gen ladan kèk nan antreprenè teknoloji ki pi reyisi nan mond lan tankou Ma Huateng, ki te nome nan 2014 pa Time Magazine kòm youn nan moun ki pi enfliyan nan mond lan ak investisè ki pi pwospè nan Lachin. Komitè Direktè Athenex montre prezans mondyal li e li gen ladan patisipan tankou Kim Campbell, 19yèm Premye Minis Canada ak Song-Yi Zhang, ansyen Vis Prezidan, Direktè Jesyon ak Chèf Depatman Konjwen pou Morgan Stanley Azi.

Depite Tom Reed te deklare: “Nou sousye de fanmi kap travay yo ki espere pou fè Konte Chautauqua ansanm avèk rès Lwès New York yon kote ke yo rele lakay yo pou jenerasyon kap vini yo. Pandan twò lontan, fanmi sa yo te fè fas a yon ekonomi difisil e erezman sa preske chanje. Li senpleman jis ke nou travay ansanm avèk tout pati yo ak nan tout nivo gouvènman pou fè Eta New York ak Konte Chautauqua, vin pi konpetitif. Jodia, nap selebre efò sa yo e nou kontan ke nou pral pote plis pase 900 bon jan kalite travay dirab, ki soutni fanmi retounen nan eta, ak nan mond lan. Nou pat ka pi kontan akòz de nouvel la e nou vle remèsye Gouvènè Andrew Cuomo, Senatè Eta Cathy Young ak Prezidan Asanble Eta Andy Goodell paske yo te kanpe avèk Konte Chautauqua epi fè investisman sa nan Lwès New York.”

Senatè Catharine Young te deklare: Anons sa—yo te kreye plizyè santèn djòb ak plis pase yon milya dola te investi isit la nan Dunkirk – se prèv ke bagay yo prale delavan nan Lwès New York. Rejyon nou an pi fò, pi pwospè, ak pi konpetitif jodia akòz Gouvènè Cuomo, e mwen kontan dèske nap kontinye bati sou pwogrè sa non sèlman jodia –men nan yon fason ki pral gen yon enpak pozitif pou ane kap vini yo.

Senatè Tim Kennedy te deklare: “Jodia nap wè yon lòt egzanp sou kijan Lwès New York ap kontinye pwospere epi atenn nivo dimansyon pou opòtinite. Patenarya ant Athenex ak Eta New York ap kreye preske 2,000 djòb epi pote yon lòt \$1.6 milya nan rejyon an – e sa se yon devlopman ke nou pral kontinye wè benefis yo pou ane kap vini yo. Nou fyè anpil paske nou gen yon konpayi tankou Athenex, kap fè travay dènnye kri nan terapi kansè ak devlopman medikaman, toupre la nan lakou nou ak la nan Kanpis Medikal Niagara Buffalo kap devlope. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te rekonèt valè ke Athenex ap pote nan rejyon nou an epi investi lajan eta pou elaji anprent yo nan Lwès New York.

Manm Asanble Andy Goodell te deklare: Sa fasilman se youn nan anons ki pi enteresan pou Konte Dunkirk ak Chautauqua ke mwen te wè antanke yon lejislatè eta, e mwen sèten ke menm bagay la vrè pou anpil nan nou ki te viv nan rejyon an pandan plizyè ane menm jan avè m. Ekspansyon Athenex ap kreye plizyè santèn travay ki peye byen epi pote plis pase yon milya dola nan investisman sektè prive isit la nan Dunkirk. Mwen fyè pou m kanpe avèk Gouvènè Cuomo jodia pou anons enteresan sa ki pral kontinye pote pwochen kwasans ak pwosperite pou Konte Chautauqua.

Manm Asanble Crystal Peoples-Stokes te deklare: “Yon fwa ankò, Lwès New York ap kontinye fè gwo pa nan pwogrè ekonomik. Grasa sipò Gouvènè a, nap wè yon lòt konpayi wo-teknoloji plante rasin li nan Buffalo ak make avni l sou siksè mendèv li ki otman kalifye. Mwen fyè pou m wè re-aparisyon Buffalo kontinye solid, e mwen konplimante Gouvènè a ansanm avèk eta paske yo te ede nou fè ekonomi an mache tankou jamè anvan.”

Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare: “Anons jodia yon fwa ankò demontre angajman Gouvènè Cuomo pou atire kwasans biznis epi kreye opòtinite pou moun Konte Erie. Arive Athenex se yon lòt siy renesans ekonomik e map rete tann pou m wè endistri famasetik la devlope nan rejyon sa pou ane kap vini yo.”

Egzekitif Konte Chautauqua Vince Horrigan te deklare: Mwen kontan pou m wè Athenex make pwochen siksè yo isit la nan Konte Chautauqua. Anons sa vle di benefis pou kominote nou an nan lavni, epi mete nou sou kat la pou lòt biznis sektè prive pou wè nan yon fason ki vrèman san parèy. Sipò Gouvènè Cuomo pou fè sa rive te fòmidad, e map rete tann pou m travay avèk l ankò nan lavni pou kontinye devlope ekonomi nan Konte Chautauqua.

Majistra Byron Brown te deklare: “Grasa patenarya nou avèk Gouvènè Cuomo, Buffalo ap anrejistre yon nouvo nivo kwasans ak konfyans sektè prive. Nan kreye investisman prive ak travay ki peye byen, ouvèti Athenex, yon biznis ki grandi nan Buffalo, voye yon mesaj klè ke ekonomi Buffalo kontinye ap grandi pi solid. Sa se yon investisman enpòtan nan avni Buffalo e mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman l pou ede nou kontinye renesans vil nou an.”

Majistra Vil Dunkirk Willie Rosas te deklare: “Sa a se yon jou fòmidad pou Dunkirk ak pati pa nou nan Konte Chautauqua. Mwen kontan dèske mwen wè Athenex vini la, pote avèk yo plis pase yon milya dola investisman ak preske yon milye nouvo djòb. Sa a montre ke eta ak Gouvènè Cuomo vrèman angaje pou ede rejyon nou an reyisi, e mwen pa ka tann pou m wè ekonomi an kontinye grandi pou pwochen jenerasyon yo.”

Prezidan & PDG Buffalo Niagara Enterprise Thomas Kucharski te deklare: “Investisman enpòtan ak kreyasyon travay ki te anonse pa Athenex ak Gouvènè Cuomo fè de deklarasyon ki enpòtan anpil. Premye a sèke kominote yo nan southern tier ka reyisi absoliman pou atire pwochè enpòtan. Dezyèm la sèke lè li lè pou komèsyalize prim gayan ak rechèch kap chanje lavi ak devlopman ki rive nan endistri syans lavi nou isit la, nou ka reyisi nan kenbe sa tou.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418